



Itilize benefis SNAP ak HIP ou yo nan mache kiltivatè

Pou jwenn manje ki kalifye pou HIP, vizite www.mass.gov/hip, rele liy dirèk FoodSource Project Bread la nan 1-800-645-8333, oswa chèche logo HIP la nan mache lokal yo.

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè a (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) ede fanmi yo achte manje ki bon pou sante yo chak mwa. **Si w resevwa benefis SNAP yo, sa vle di ou gentan enskri nan Pwogram Motivasyon pou Rete an Sante a MA (Healthy Incentives Program, HIP).**



HIP mete kòb SNAP ou depanse pou fwi ak legim lokal yo sou kat EBT w menm kote a. **Ou kapab rejwenn \$1 sou kat EBT w pou chak \$1 ou depanse pou fwi ak legim nan mache kiltivatè a pandan sezon lete sa a!** Kou ou jwenn kòb sa a ankò sou kat EBT w, ou kapab depanse l nenpòt kote yo aksepte SNAP jan ou toujou konn fè sa.

Limit HIP pou chak mwa

baze sou gwosè kay SNAP la

\$40 pou 1-2 moun

\$60 pou 3-5 moun

\$80 pou 6 moun oswa plis

Manje ki kalifye pou pwogram HIP la:

Nenpòt fwi ak legim machan HIP yo vann se manje ki kalifye!

Jwenn plis enfòmasyon sou Mass.gov/HIP

E si w pa enskri nan SNAP oswa si w bezwen lòt resous pou jwenn manje?

Rele liy asistans FoodSource nan Project Bread la: **1-800-645-8333**

Orè liy asistans lan: lendi pou vandredi, soti 8è nan maten rive 7è diswa, ak samdi, soti 10è nan maten rive 2è nan aprèmidi.

Gen moun ki disponib nan 180 lang pou ede w jwenn manje.



Orè ak kote mache kiltivatè MetroWest ki aksepte HIP yo ye

Mache kiltivatè Ashland

125 Front Street, Ashland | Samdi, soti 9è nan maten rive 1è nan aprèmidi (soti nan mitan mwa jen rive nan mitan mwa oktòb)

**Aprann plis bagay sou pwogram SNAP adisyonèl la nan tant Market Manager.*



Mache kiltivatè Framingham

Village Green at Framingham Center | Jedi soti 3è nan aprèmidi rive 7è diswa (soti nan fen mwa jen rive nan fen mwa septanm)



Mache kiltivatè Hopkinton

Hopkinton Town Common (Anfas 11 Ash St) | Dimanch, soti 12è nan aprèmidi rive 4è nan aprèmidi (soti nan kòmansman mwa jen rive nan kòmansman mwa oktòb)



Mache kiltivatè Hudson

78 Main Street, Hudson Town Hall | Madi, soti 3:30 nan aprèmidi rive 6 diswa (soti nan mitan mwa jen rive nan fen mwa septanm)



Mache kiltivatè Marlborough

19 Weed St, Marlborough (dèyè City Hall)

Samdi, 9è dimaten - 1è aprèmidi (mitan jen rive nan kòmansman oktòb)

**Aksepte SNAP; ofri kolaborasyon SNAP; HIP aksepte nan Meadowbrook Farm*



Mache kiltivatè Natick

Sezon prentan ak lete: Natick Common | Sezon otòn ak livè:

Common Street Spiritual Center | Samdi, soti 9è nan maten rive 1è nan aprèmidi (pandan tout ane a)



Mache kiltivatè Westborough

10 Union Street, Westborough | Jedi soti 2è nan aprèmidi rive 6è nan aprèmidi (soti nan mitan mwa jen rive nan mitan mwa oktòb)

**Aksepte SNAP; HIP aksepte nan Stillman's*

